STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 9 me 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE 33 DIPLOME KI SOTI NAN STATE PARK POLICE ACADEMY**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te felisite 33 diplome ki soti nan 11yèm Basic School New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation (State Parks) Police Academy a.

"Jodi a nou rekonèt angajman 33 gason ak fanm ki reponn apèl pou yo sèvi ak pwoteje Nouyòkè parèy yo," te deklare Gouvènè Cuomo. "Keseswa y ap reponn nan ijans move tan, nan ede lòt ajans lapolis nan envestigasyon kriminèl, oswa nan kenbe yon anviwonman amizan san danje atravè State's Parks nou yo, State Park Police ap founi yon sèvis esansyèl pou Nouyòkè ak vizitè nou yo. Mwen prezante felisitasyon mwen bay diplome sa yo ak fanmi yo."

"State Park Police gen yon kokenn enpòtans pou yon rezo pak Eta akeyan eki gen sekirite. Keseswa nan travay nan mitan foul pandan ete sou Jones Beach; oswa nan chèche gwo tonton zòn sovaj nan rejyon nò oubyen nan Harriman oubyen nan Letchworth nan nèj; oubyen nan bay jenès nou an sekirite nan espas gwo konsè nou yo – State Park Police bay asistans pwofesyonèl ak akeyan ak sèvis sovtaj nan kokenn rezo nou an pandan tout lane."

"Felisitasyon pou nouvo polisye park nou yo," te deklare Direktè State Parks Police la, Richard O'Donnell. "Fòmasyon yo prepare yo pou yon karyè difisil ak gratifyan -- pwoteksyon rezo pak ak sit istorik Eta New York ak milyon moun kap vizite yo. M espere travay ak nouvo polisye yo pou founi yon sèvis piblik esansyèl pou moun Eta New York."

33 rekri yo te fini yon pwogram fòmasyon fèmen pandan sis mwa nan State Park Police Academy ki nan Rensselaerville, Konte Albany. Fòmasyon an te gen ladann ansèyman nan salklas sou Lwa sou Pwosedi Kriminèl, Lwa Penal, Lwa sou Machin ak Sikilasyon, Lwa sou Pak ak Lwazi, envestigasyon kriminèl ak yon pil ak pakèt lòt sijè ki gen pou wè ak lapolis. Anplis, rekri yo te resevwa yon fòmasyon pratik nan zamafe, premye sekou, fonksyònman chasnèj, fonksyònman debaz bato, sovtaj ak kòd, ak fonksyònman machin sekou.

Diplome annapre yo te resevwa rekonpans rekonesans espesyal:

- Polisye Philip Nesbitt, ki soti nan Churchville, NY, te resevwa Pri Lidèchip ak Pri Sante Fizik.
- Polisye James Flanagan, ki soti nan Hopewell Junction, NY, te resevwa Pri nan Manipilasyon Zamafe.
- Polisye Christopher Badman, ki soti nan Baldwinsville, NY, te resevwa Pri Reyisit Eskolè.

Nouvo polisye yo pral afekte nan kòmannman rejyonal atravè eta a. Yo pral kòmanse yon pwogram fòmasyon sou teren pandan 10 semèn kote yo pral resevwa fòmasyon sipèvize nan men polisye senyò, epi yo pral afekte nan aktivite patwouy.

New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation ap jere 179 pak ak 35 sit istorik eta a, ki atire plis pase 60 milyon vizitè chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pak eta ak sit istorik nan New York, tanpri vizite www.nysparks.com.

Men non diplome pwomosyon ane sa:

| ***Non*** | ***Vil Natal*** | ***Afektasyon Rejyonal*** |
|---|---|---|
| Philip Nesbitt | Churchville, NY | Niagara |
| Karli Wimmer | Riverhead, NY | Long Island |
| Albert Schmitter | Portageville, NY | Niagara |
| Phillip Ballard | Ballston Spa, NY | Palisades |
| Sean Kenny | Briarwood, NY | Palisades |
| Ronald Eveland | Geneva, NY | Thousand Island |
| Daniel Baase | Hamlin, NY | NYC |
| Joseph Lucarelli | Lancaster, NY | Niagara |
| Robert Kubus | Tonawanda, NY | Palisades |
| James Flanagan | Hopewell Junction, NY | Palisades |
| Christopher Badman | Baldwinsville, NY | Palisades |

| | | |
|---|---|---|
| Nicholas Cobis | Riverhead, NY | Long Island |
| Waleed Javed | Seneca Falls, NY | NYC |
| Brendon Ohara | East Aurora, NY | Palisades |
| Daniel Hotter | Rensselaer, NY | Taconic |
| William Andrejack | Southold, NY | Long Island |
| Chelsea Coyle | Islip, NY | Long Island |
| Steven Capogna | Brentwood, NY | Long Island |
| Gregory Fisher | Massapequa, NY | Long Island |
| Hayley Boland | Niagara Falls, NY | Long Island |
| Lynn Workman | Newfane, NY | NYC |
| Andrew Labarbera | Massapequa Park, NY | Long Island |
| Zachary Messmer | Waterloo, NY | Palisades |
| Robert Kenney | Waterveliet, NY | NYC |
| Elaina Koutsoftas | West Babylon, NY | Long Island |
| Keith Vagle | Rocky Point, NY | NYC |
| Christopher Rieker | Cairo, NY | Palisades |
| Janine Kloetzer | Tonawanda, NY | Palisades |
| Samantha Guilbert | Albany, NY | NYC |
| Nicholas Field | Hauppauge, NY | Long Island |
| Nicholas Stephani | Deer Park, NY | NYC |

Haitian Creole

| | | |
|---|---|---|
| Kimberly Joslin | Forestport, NY | Palisades |
| Ryan Crespo | Buffalo, NY | NYC |

**###**

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418